

Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department)
Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) Facilitation Pwogram Pilòt
[Individualized Education Program (IEP)]

Pwosesis pou Fasilitasyon IEP

1. Fason pou Mande Fasilitasyon IEP

Yon paran oswa yon distri lekòl ka mande Fasilitasyon IEP. Paran an ak distri lekòl la dwe dakò pou itilize Fasilitasyon IEP a. Menmsi yo ka itilize Fasilitasyon IEP a pou nenpòt reyinyon IEP, yo ta dwe itilize li lè yo pa jwenn rezilta yo te espere a nan komunikasyon, epitou lè gen siy ki endike pa gen chans pou yo jwenn yon akò sou IEP yon elèv; lè ka genyen pwosedi jis epi/oswa lè gen yon santiman nan nenpòt patisipan yo ki endike pwoblèm yo ki nan reyinyon an ap kreye santiman difisil oswa santiman kòlè.

Lè yo resevwa demann yon paran oswa lè distri lekòl la mande pou itilize Fasilitasyon IEP, paran an ak distri lekòl ap ranpli epi siyen yon 'Fòm Demann Fasilitasyon IEP'. Paran an ak distri lekòl la ap konsève yon kopi fòm ki siyen an. Fòm sa a se yon akò ant paran an ak distri lekòl la. Dapre akò sa a, yo pral itilize Fasilitasyon IEP a nan yon reyinyon komite sou edikasyon espesyal [committee on special education (CSE)] oswa nan yon komite sou edikasyon espesyal preskolè [committee on preschool special education (CPSE)] yo pral òganize nan yon ti tan. Fòm ki siyen an ap bay konsantman paran an ak distri lekòl la tou pou Fasilitatè IEP a gen aksè nan enfòmasyon prive sou elèv la ki ap divilge pandan reyinyon fasilitasyon IEP a.

2. Deziyasyon Fasilitatè IEP

Lè yo resevwa 'Fòm Demann Fasilitasyon IEP' paran an ak distri lekòl la siyen an, distri lekòl la ap fakse demann lan bay Depatman Edikasyon Eta New York [New York State Education Department (NYSED)]. NYSED a ap nonmen yon Fasilitatè IEP nan yon lis wotasyon nan Eta New York, ki ap resevwa fòmasyon Fasilitatè IEP yo, epi yo pral konfime nominasyon Fasilitatè IEP a, lap ka patisipe nan reyinyon an epi pap gen okenn konfli enterè (rezon ki fè li pa ta dwe fasilitatè reyinyon an) paske sa ka entèfere ak / fasilitasyon li nan reyinyon an.

NYSED a pral avize non distri lekòl la ak nominasyon Fasilitatè IEP a.

3. Akò Alekri (Fòm Akò)

Aprè NYSED fin nonmen Fasilitatè IEP a, epi anvan reyinyon an, Fasilitatè IEP a ap bay distri lekòl la yon fòm akò alekri Fasilitatè a siyen epitou paran an ak distri lekòl la dwe siyen fòm nan tou. Distri a dwe jwenn siyati paran an sou fòm akò a anvan reyinyon an. Kèlkeswa lè li posib, yo ta dwe siyen akò a anvan jou reyinyon an.

Fòm akò a gen ladann, men pa sèlman, idantifikasyon sa ki endike anba la a:

- wòl Fasilitatè IEP a ak akò pou patisipe nan Fasilitasyon IEP a;
- ke fasilitatè IEP a pa gen konfli enterè;
- Ke paran an bay pèmisyon pou distri a divilge enfòmasyon pèsònèl sou elèv la bay Fasilitatè IEP a pou yo itilize nan reyinyon an; epi
- Ke yo pa ka itilize Fasilitasyon IEP a pou bay refi oswa pou bay reta pou dwa yon paran nan yon odyans oswa nan yon plent pwosedi jis paran an, oswa nan itilizasyon medyasyon paran an ak distri a pou rezoud dezagreman yo.

4. Fasilitasyon IEP

Anjeneral, sa ki endike anba la dekri pwosesis Fasilitasyon IEP a.

Fasilitatè IEP a salye tout patisipan yo epi l mande chak patisipan pou li idantifye wòl li genyen nan reyinyon an (pa egzanp, paran an, prezidan an – reprezantan distri a, òtòfonis k ap sèvi elèv la). Yo kreye yon pwogram avèk sijesyon tout patisipan yo bay epi yo idantifye rezilta yo vle jwenn nan avèk akò tout moun. Yo dakò sou prensip (règ) gwoup la (pa egzanp, kominike aklè; respekte pwendvi lòt yo). Yo afiche pwogram nan, rezilta yo vle jwenn nan ak prensip gwoup la yon fason pou tout moun kapab wè yo ap ale ladan yo pandan tout reyinyon an. Reyinyon an fèt avèk teknik fasilitasyon yo itilize tankou responsablite komen (tout moun ki nan reyinyon an jwe yon wòl aktif nan bay rezilta ki enteresan), yon atitud kolaborasyon (patisipan yo aji nan yon manyè pou yo kolabore byen), planifikasyon estratejik (chwa yon pwosesis aksyon apwopriye pou reyalize rezilta yo vle jwenn yo) epi fasilite konpòtman yo (devlopman konpreyansyon ak akò pami patisipan yo). Yo kreye oswa revize yon IEP epi yo dakò sou yon plan-daksyon pou yo aplike IEP a. Finalman, patisipan yo revize kisa ki te gen siksè nan reyinyon an akòz Fasilitasyon IEP a ak sa yo kapab chanje pidevan.

5. Evalyasyon apre yo fini Fasilitasyon IEP a (Fòm Evalyasyon an)

Lè yo fini Fasilitasyon IEP a, y ap mande chak manm CSE/CPSE ki te patisipe nan reyinyon a pou yon ranpli yon fòm evalyasyon yo dwe voye pa NYSED pa lapòs. Manm yo ap ranpli fòm nan si yo vle epitou fòm nan ap bay enfòmasyon enpòtan sou eksperyans CSE/CPSE avèk Fasilitasyon IEP ki te fèt la ak remak sou fason Fasilitatè IEP a te ranpli wòl nan ede Komite a kreye yon IEP kote tout moun ka dakò sou li.